

KESSYON / REPONS

Sa sa vle di « san papye » oubyen « san estati »?

Yon moun yo di **san papye** oubyen **san estati** pa gen estati legal imigrasyon Kanada, ni pou yon ti tan ni pou toutan.

Sitiyasyon sa a ka rive lè viza vizit oubyen pèmi etid oubyen pèmi travay yon moun ekspire epi moun nan rete nan peyi a, oubyen tou lè yon moun pa kite Kanada apre yo fin refize li demann refijye. Yon moun ki nan sitiyaasyon sa a frajil anpil epi aksè li nan pwogram yo limite. Li ta dwe konsilte yon avoka oubyen yon òganis kominotè si l pè mande èd nan pwogram sosyal yo oubyen pou ede l regilarize sitiyaasyon l, pa egzanp lè l ap depoze demann rezidans pèmanan pou **motif imanité**.

Atansyon! Yon moun san papye ap ezite egzèse yon dwa li genyen oubyen pote plent si l viktim abi paske l pè pou yo pa denonse l bay otorite federal yo. Yon moun ki nan sitiyaasyon sa a dwe al chache èd nan òganis k ap defann dwa moun oubyen yon konseye jiridik.

Kisa yon « vil sanktyè ye »?

Yon vil sanktyè se yon vil kote otorite vil la, tankou polisye, **pa denonse yon moun ki pa gen papye** bay otorite federal yo ki ta ka depòte li. Pa egzanp, si yon moun viktim yon krim, li ta dwe ka pale ak lapolis san l pa bezwen pè pou yo depòte l.

Nan peyi Kanada, gen kèk vil ki pwoklame vil sanktyè : **Montréal, Hamilton, Toronto ak Vancouver**. Nan mwa fevriye 2017, yo pwoklame Montréal vil sanktyè men jis jodi a yo poko pran mezi pou asire pwoteksyon moun san papye yo tout bon vre.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avè ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiyaasyon tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo: « L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec », ki disponib gratis sou : www.servicesjuridiques.org

Nou vle remèsye «ministère de la Justice du Québec» (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon «ministère de la Justice du Québec».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifye, kreyòl ak espanyòl).

- Ou se demandè azil o Kebèk
- Ou se refijye aksepte o Kebèk
- Ou se refijye refize o Kebèk
- Ou gen pèmi sejou tanporè o Kebèk
- Ou se travayè tanporè e etidyan etranje o Kebèk
- Ou se rezidan pèmanan o Kebèk
- Kritè rezidans

Dépôt légal 2017
Bibliothèque et Archives nationales du Québec
Bibliothèque et Archives Canada

Être sans papiers au Québec

OU SE YON SAN PAPYE O KEBÈK

Konnen dwa w nan pwogram sosyal yo



SERVICES JURIDIQUES COMMUNAUTAIRES
DE POINTE-SAINT-CHARLES ET PETITE-BOURGOGNE

LAJISTIS

Èske m ka konsilte yon avoka gratis si m gen yon pwoblèm jiridik?

WI. Si yon moun admisib pou èd jiridik dapre revni li, epi si li rete o Kebèk, **kèlkeswa estati imigrasyon li.**

Sèvis ki disponib yo se : dwa familyal, administratif, imigrasyon, jenn moun, kriminel, lojman, elatriye.

Èske m gen dwa al nan tribinal si m gen yon pwoblèm avèk pwopriyete kay kote m rete a?

WI. «**Régie du logement**» ka ede w si gen yon «bail» ant lokatè a ak pwopriyete a. **Yo pa verifye estati imigrasyon pou sa.**

Moun ki viktim diskriminasyon nan kesyon lojman ka pote plent nan «**Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse**» la.

LAFANMI

Èske pitit mwen ka ale lekòl?

WI. Moun san papye ki abite Kebèk gen obligasyon ak dwa pou yo ale lekòl.

Timoun sa yo gen dwa tou pou ale **lekòl gratis** avèk **pèmisyon** ministè edikasyon an.

Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon pou timoun?

NON. Paron san paye pa gen dwa **alokasyon kanadyen pou timoun** (federal) ni **soutyen pou timoun** (pwovensyal) menm si l gen gad timoun nan.

Men, si yon paran san papye abite avèk yon mari oubyen konjwen de fèt (moun ka viv ansanm depi 1an oubyen ki gen pitit ansanm nan relasyon sa a) ki se sitwayen kanadyen, rezidan pèmanan oubyen tanporè, li gen dwa pou jwenn prestasyon pou timoun li yo.

Èske m ap gen dwa pou m jwenn prestasyon gouvènman an si m fè yon timoun oubyen si m adopte yon timoun?

NON. Rejim kebekwa asirans parantal bay prestasyon parantal, matènite ak adopsyon pou moun ki kontribye nan rejim sa pandan 12 mwa anvan konje pou nesans oubyen adopsyon timoun nan.

Pou w kontribye nan rejim nan, fòk ou okipe yon anplwa deklare bay gouvènman an, sa ki pa posib san **pèmi travay** Si lòt paran timoun nan ranpli kritè sa yo, paran sa a ap gen dwa pou l jwenn prestasyon.

PRESTASYON

Èske m gen dwa pou m jwenn èd sosyal?

NON. «Ministère du Travail, de l'Emploi et de la Solidarité sociale» la pa bay moun san papye prestasyon èd sosyal.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon si m viktim yon zak kriminel?

DAPRÈ PRENSIP YO, WI. Pwogram endamnizasyon viktim zak kriminel yo (IVAC an franse) **pa baze sou estati imigrasyon viktim nan** pou evalye admisiblite l pou ba li prestasyon yo.

Èske m gen dwa pou m jwen konpansasyon finansyè si m viktim nan yon aksidan machin?

Aksidan ki fèt Kebèk : **LI POSIB.** Moun ki pa gen estati ka admisib pou jwenn konpansasyon finansyè selon responsablite l nan aksidan an (eg : responsablite 50% nan aksidan an).

Aksidan ki fèt deyò Kebèk : **NON.** Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) pa kouvri moun san papye paske yo pa konsidere yo kòm **rezidan** Kebèk dapre lwa sou asirans otomobil la.

Èske m gen dwa pou m jwenn soutyen finansyè pou granmoun?

NON. Gouvènman federal bay prestasyon «**Sécurité de la vieillesse**» pou moun yo konsidere rezidan legal, moun san papye yo pa nan kan ka sa a.

Yon moun san papye pa admisib pou prestasyon «**Régime de rente du Québec**» la, paske l pa kotize nan rejim nan. Pou w kotize nan rejim nan, ou dwe okipe yon anplwa ki deklare bay gouvènman an.

LASANTE

Èske m gen dwa pou m jwenn swen sante ak medikaman gratis?

NON. «Régie de l'assurance maladie du Québec» (RAMQ) la pa kouvri moun san papye yo.

TRAVAY

Èske m ka okipe yon anplwa ki deklare bay gouvènman an ?

JENERALMAN, NON. Yon moun ki pa sitwayen kanadyen oubyen rezidan pèmanan dwe gen pèmi travay pou l travay legalman Kanada, sof si gen eksepsyon. Yon moun san estati pa ka gen **pèmi travay**, sèlman nan kèk ka kote yon konjwen san estati nan wout pou yon sitwayen kanadyen oubyen yon rezidan pèmanan parene li.

Èske m ka pote plent pou anplwayè mwen an si kondisyon travay mwen yo enjis?

DAPRÈ PRENSIP YO, WI. Komisyon ki responsab nòm minimal travay la (CNESST an franse) aksepte plent yo **kèlkeswa estati imigrasyon travayè a.**

Èske m gen dwa pou m jwenn yon konpansasyon finansyè apre yon aksidan travay ki anpeche m travay pou yon ti tan oubyen pou toutan?

NON. Komisyon ki responsab **sante ak sekirite nan travay** (CNESST an franse) pa rekonèt **kontra travay** yon travayè ki pa gen otorizasyon legal pou l travay Kanada.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansyè si m pèdi travay mwen?

NON. Gouvènman Kanada a pa bay **prestasyon asirans anplwa** pou moun ki pa disponib pou travay. Yon moun san papye pa konsidere kòm moun ki disponib selon kritè pwogram nan, paske l pa gen pèmi travay. Donk, li pa gen dwa pou l jwenn asirans anplwa.